**Nomer 26** — **Salasa 28 December 1926 (22 Djoemadil'lahir 1345)** — **Taoen ka 3**

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

*Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.*

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

LANGGANAN.
3 sasih . . . . f 1,50
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie: Heerenstraat 31.
Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWIHATA
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

Directie: Administratie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,50 } Sakali moeat
1/32 „ f 1,50 }
Langganan langkoeng mirah.

## WARTOS NOE PANG ENGGALNA

### Tjandak anggoeun tjatetan dina milih lid Volksraad! DOEGI KANA WAKTOSNA.

Kantenan parantos sami tingali, parantos tjaket pisan kana waktosna milih tjalon lid Volksraad pikeun taoen 1927—1931, sanget disoehoenkeun ka sadaja para Djoeragan anoe kagoengan hak milih, moegi kersa milih tjalon-tjalon anoe kasebat ieu dihandap, nja-eta.

| No. | DJENENGAN | PADAMELAN | TEMPAT |
|---|---|---|---|
| 1 | R. A. A. A. Djajadiningrat | Regent | Batawi |
| 2 | R. G. O. Soebrata | Lid Gedeputeerde Raad Provincie | Mr. Cornelis |
| 3 | Tjiptomangoenkoesoemo | Part. Arts | Bandoeng |
| 4 | Hoesni Thamrin | Wethouder Gemeente | Batawi |
| 5 | R. Idih Prawiradipoetra | Wethouder Gemeente | Bandoeng |
| 6 | R. A. Wiranatakoesoemah | Regent | Bandoeng |

Moegi diaremoetkeun sareng atos-atos pisan, margi oepami parantos lepat milihna, moal tiasa ngadeeakalian. Djadi koe margi eta, dina waktosna milih teh, perjogi pisan noemoetkeun nomer pareleanana sapertos ieu diloehoer, saha-saha anoe teu milih candidaten ieu, sarrea djeung maehan partijna sorangan.

*Hatoer sewoe noehoen*
**Hoofdbestuur Pasoendan.**

Artos langganan kwartaal I 1927 ping 1 Januari '27 moegi enggal kintoenkeun ka **Administratie** Sipatahoenan, oelah kantos dikintoen formulier postwissel deui.

### Blantara.

Doepi berendelanana anoe djadi hantja pakoempoelan kabangsaan, koe djisim koering parantos dilebetkeun kana Semah Moerba No. 5 anoe oeugelna: Katerangan Pasoendan ngoedagna kamerdikaan.

Kieu oeugelna:

1. Saenjana djalan anoe koedoe ditoeroet koe Pasoendan teh geus poegoeh ringkoekna aja dina werkprogram aja dina statuten dj. s. t. anoe geus disahkeun koe poetoesan pakoempoelan.
2. Ngan bisi koerang tetela, samoedaja anoe aja di dinja, nepi ka aja anoe mengpar tina loeloeroeng noe djadi galoer loeloegoe, njanggakeun roendajanana.
3. Merdika teh aja tahap-tahapna, aja:
a. merdika Djepang. Eropa tironan, Madeg dina tanaga katoet ka tanagana.
b. merdika Madjapait, kadjawaan madeg dina kadjawaanana satahapan djeung nagara noe djalembar djaman kiwari.
c. merdika Sijem, aja dina pangaoeban deungeun satahapan sareng Mesir, dj. s. t.
d. merdika Oestrali, madeg dina djati kasilih koe djoenti, ugan tanah noe djadi moelja, djalmana moesna koe hama.
e. merdika Amerika naekna ti Oestrali tea.
f. merdika Inggris madeg dina kanapsoean.
g. merdika nagara djadjahan.
h. merdika Tjina.
i. merdika Roeslan, gendjlong djagat.
Sareng seueur seueut deui.
4. Koe napsoe mah, sok hajang ras tjlok. Ajeuna aja di Bandoeng iseek hajang ngadon Djoemaah ka Mekah. Lamoen oerang ngagoegoe napsoe, nja koedoe tatapa, njokot djalan ngaroeksak raga, ninggalkeun lengkah ajeuna: Biheung bisa bihenng moal, da ngaranna oge ngalamoen.
5. Ari Pasoendan mah toemoet lampah noe oetami, ka Mekahna teh sasadiaan waragad katoet imanna heula, mawa bekel pigeusaneun djadi hadji, ka Madinah heutouna mah koemaha engke rek ningal kaajaan di djalan ka ditoenakeun ngan niat geus aja awal ahir koedoe disorban koe kasoendaan.

Gesat-gesoet ka Mekah darapon indit, ari datang teu njaho di alif lamim, atoeh lain Soenda pangkat hadji, tiba hadji poepoelasan pedah ngalalar ka latar deungeun, hadjina koe kadastaran.

Gesat-gesoet darapon djoeng, ari wangsoel ngegel tjoeroek, djadi hadji dagang doa, koeriak sorban poelang anting ka pakgade.

Gesat-gesoet boeroe boeroe indit. kairid hajang tjeuk batoer. teu njata kana oedagan, koeriak kasaroeng di lemboer batoer.

6, Soenda mah hajang djadi hadji Soenda, moen ka Mekah mah, leumpangna sadia bahan, sarat sapoeratina toempak ekspres ti imah ka Batawina, moal doer-doer atjan; di Batawina oelah koengsi palantja-polontjo teu njaho ka mana nja los, sagala koemaha batoer, karorontjodan koe panipoe batoer Iangna toempak kapal noe oetama, moal tibra koe darapon, harkat martabat peda noe hina.

Hanas engke geus aja wawanen rek toempak kapal oedara. ari saratna geus tjoekoep mah, los teh teuing kari koema djaga.

7. Tah ieu anoe dipake eunteung, kadjadian anoe enja lakoe anoe djadi bakoe larapkeun kana lampah oedagan kapoelitikan,
8. Lamoen sakira rea katoena, atjan boga wawanenna, sampoeneneng ari bahanna mah, atoeh montong wara hatrol haget gede hodjah rek loemakoe, oerang oesaha bae heula, njadiakeun pibekeleun, noengtoet baringeusi.
9. Naon bahan djeung saratna keur ngoedag kamerdikaan?

Merdika mana-manana, montong wara diidjrah ti ajeuna, koeriak matak patelak, mareboetkeun baloeng tanpa eusi.

Bahanna: Harta-harti djeung tanaga.

Karep-tetep-mantep.

10. Eta sarat anoe tiloe koedoe aja di bangsa, tandana aja di hidji-hidjina djelema, djeung dina badan-badan pangabogana bangsa.

Napsoe merdika anoe teu nintjak dina sarat anoe tiloe, henteu napak di lemah, ngalajang di awang-awang, alias ngalamoen.

11. Harta koedoe sajaga.
Harti „ moekti.
Tanaga „ tohaga.

Ieu anoe tiloe sipat koe oerang katingal katoenaananana di bangsa oerang. Koedoe roemasa, lamoen teu roemasa, tandana teu boga harti.

Sanggeus roemasa koedoe oesaha,

Oesaha ngoedag harta koedoe aja noe ngahantja.

Oesaha ngoedag harti koedoe boekti.

Oesaha ngoedag tanaga teu meunang tinggal.

Saadjangna saadjangna.

Anoe kadada ngan medar (ngoedag) harti. harti d. s. t.

Harti, sing djadi bandana bangsa djalan dina hidji-hidjina djelema.

Harti teh koedoe moeka atina, djalanna tina pangadjaran. Bibit anoe aja dina sanoebari, koedoe kaboeka koe atikan, atikan anoe ngandoeng panghoedang, djelema anoe ngampihan maksoed, sanggeus kaboeka galihna.

Masing harti kana harga salira.
„ „ „ „ kahinaan.
„ „ „ „ kamoeljaan.
djeung sateroesna.

Mangka rendang Soenda noe soegih koe harti.

Mangka rajap Soenda noe mekar akalna, pangadegan Soenda djembar panalarna, kasartaan koe harta katoet ka tanagana.

Dina hiroepna teu rek nempoehkeun ka batoer, tapi njasar ragana sorangan, moelasara salirana, geuning tjeuk noe ngadji, koedoe atra ka salira, atra teh njata kana katoena kamoelja pisan.

Pada mawa kana hina, bahloe dioentoep panipoe batoer, hengker ngan oekoer djadi kekesed.

Bisana njata koedoe asak rampa, awas ka noe lian, tabah ka raratan poesaka koe andjeun, papantjen atoeran alam.

Enggoning moelja, aja di moeljana poesaka bangsa, dipapaesan koe djaman, lain djadi barang palsoe titironan, lain djalma kelas hidji.

Hina moelja koemaha waroega, moal beunang koe pamaksa beunang menta. Geuning boekti ngadjenan ngan ka noe aja adji.

Geusan ngoedji pangadji diri, asoepan badan noe sedjen, oelah arek katjar anggang, kedah loma di banda badan noe lain, mana toenda sipat bangsa koeroeng batok.

Madjoena tangtoe koe lakoe, sanggeus njata dikoerangna, roemasa boga oedagan.

Sasar "mana hamana" kabina, proeng toengtoet perangan heula, oerang hantja sapapada kantja.

Hina rasa koe soedrana.
Hina rasa koe papana.
Hina rasa koe toena taja tanaga.

Moen masih dibalik lemah, sok betah koe koeah beukah.

Papagon agama, mapaj soetjina ati, bakal mawa kana lana, kendor sok moen ngagembol, montong gantjang pipintjangan.

(Teraskeuneun).
S. d. R.

### Rek dibawa ka mana oerang Soenda teh?

1. Ningal renoengna pakoempoelan perloe oerang atra kana toedjoean anoe bakal kasorang.
2. Pasoendan oelah oenggoet kalindoean, koedoe tetep dina oedagan kabangsaan. (Tingali katranganana Wawaton kabangsaan mangka atra kataringal koe Soenda, pikeun djadi toedoeh djalanna.

Madegna kabangsaan dina cultuur.

Madegna kabangsaan dina poelitiek, bagbagan kanagaraan.

3. Koemaha roetjatan cultuur Soenda panangtoengan Soenda ajeuna. Atikan anoe bras kana kabangsaan. (Tingal bab pangadjaran)
4. Pasoendan tjampoerna dina persatoean Indonesia. Pasoendan palemahan Indonesia padoemoekan.
5. Kasta opat ajana dina mangsa kaislaman ajeuna. Madegna rasa djeung bebenenaran djelema.
6. Koemaha oesaha Pasoendan ngalaksanakeun karepna kabangsaan anoe dina cultuur.

### Inlandsch syndicaat?

(Maskape bangsa priboemi?)

Poegoeh ari bajang mah babari, njeboet hajangna. Da ngan orokaja hosena teh dina boektina, djoeugok beunangna noe dipikahajang, tjara oerang njeboetkeun **hajang merdika**, laaah aja gampang. Ari boektina tjan siga-siga atjan. Djaoeh-djaoeh kana **merdika enja**, memerdikaan oge kakara arek.

Barang tangtoe pisan noe merdika teh, tapi teu salawasna, ngan kalolobaanana koedoe noe madjoe. Madjoe dina sagala roepana: djelema geus palalinter, tegoeh elmoe, sawawa loeang, geus loba noe baleunghar, mapakan bangsa-bangsa sedjen.

Oepama oerang nalek sorangan, nanja ka pribadi, naha geus nepi kana tahapan eta atawa tatjan, kawas didjawabna teh koe godeg. Parandene kitoe teu koedoe djadi leutik hate, da eukeur disorang, dioedagoedag. Ngan aja saroepa tetendjoan koering mah, oerang ngoedagna noe dipiangen-angen tea engke - engkean. Teu nintjakkeun soekoe doeanana. Dengdek teuing kana noengtoet elmoe, njiar doenja teu pati kapirosea. Toerta kapan djaman kiwari mah noe panggedena kakawasaan teh eta tah noe ngentjring. Sapoeloeh kali pinter, ana koerang bahan, teu djalan. Nadjan oerang beurang peuting tjotjorowokan menta hak roepa-roepa hak, ana ngaragap kantong kosong . . . . . nja teu sampoerna.

Aja babasan newak bangsat koedoe koe bangsat. Kawasna eta koe oerang beunang diterapkeun kana pangaroehna doeit. Merangan kakawasaan doeit, koedoe koe doeit deui. Tjatjak lamoen oerang teu koerang bekel, moal bina ti P. E. B. sosonsossouna ngadjalankeun kaperloean oerang. Moal sagala disambi, meureun aja pidjelemaeunana noe ngawoengkoel kana pagoejoeban. Moal loeplep, tergantoeng ti anoe daek, da geus pada boga adjeg, pada aja hantja sorangan.

Saenjana ari doeit mah, sanadjan teu loba oge, di golongan oerang teh aja, tapi loba noe teu kapake, lantaran saperkara koe kahawekan, inget teuing kana kaperloean sorangan, kadoea perkara koe kabodoanana noe baroga/doeit, teu nendjo dikaajaan batoer, katiloe perkara koe koerangna kapertjajaan, lantaran nendjo tjonto anoe goreng.

Kapan geus aja sababaraha hidji, pagoejoeban pangoepa djiwa noe tigoebrag koe kanistaanana noe djadi panoengtoen. Tapi ari nepi ka sini-

(*)

geng mah, pirakoe. Oelah bosen metjak-metjak, da teu kabeh noe djadi loeloegoe goreng tabeat djeung kalakoeanana.

Sapandjang oerang atjan bisa ngakoerkeun balad doeit, kawas moal bisa ngaroeboehkeun pangaroehna iboe. Koe doeit sagala beunang.

Oenggal poe kadeuleu. Kawadjiban oerang nempoeh doeanana: nja politiek, nja economie. Malah aloesna mah economiena diheulakeun.

. . . . . .

Lantaran kitoe kajakinan koering, katjida boengahna meunang bedja **Mr. Singgih** disanggrah koe bangsa oerang di Palembang noe baroga kebon karet, soepaja djadi loeloegoe maranehanana, ngapalaan maskape noe rek diadegkeun nja eta: Inlandsch rubbersyndicaat.

Ieu teh kakara hawar-hawar bae. Tjeuk sakaol noe matak Mr. Singgih menta kaloear tina djadi advocaat Raad van Justitie, doemeh dipenta djadi redaktoer s. k. minggoean koe sababaraha oerang Solo, bareng djeung dr. Radjiman. Tjeuk bedja keneh ieu moal djadi, tina Mr. Singgih moal tjotjog kana toedjoeanana soerat kabar (neutraal) kitoe deui djalan andjeunna teu sapagodos djeung dr. Radjiman.

Kawasna dengdekna andjeunna kana nampa panoehoenna oerang Palembang. Maksoed ngaradegkeunana maskape geus lila, ngan taja pidjalmaeunana noe katoong bakal bisa ngoeroes.

Katjida koering atohna, tadi ge geus diseboetkeun sarta ngarep-ngarep djeung gede pangharepan kana aloes djadina. Moedah-moedahan dimana

### Ti pipir hawoe.

*Sagala kadjadian, moal gaplah, geus tangtoe aja maoena.*

Kariboetan anoe sakitoe matak geundjleung dajeuh, keueungna, asa djaman patrol: Hordah, pring dari mana, orang mana?

Eheh, mentas njalindoeng, ti noe poëk, bebene atah andjang, lacen-laoen kop koe deungeun, noeu! aja bae oentoengna sampoeneneng roegina.

**Roegina** pikeun noe djadi oelonoelon, hoekoem gantoeng, boeang tonggoheun Digoel.

**Oentoengna** pikeun noe tjaringtjing pageuh kantjing, getol njaring boga andjing, njatana oepas-oepas meunang waledan—gadjih saboelaneun—sewoe noehoen, da meudjeuhna, palias njeboet koedoena.

Goeroe desa **bakal** . . . mendingan gadjihna ti toekang koeda Zijne Ex. Leger Commandant. Gerah salaksa.

Noehoen Pangagoeng.

Amoeng, pikeun **loerah, toea kampoeng** anoe kenging pahadjat, **lima à kadalapan** satengah (leutik) perak, doeka saboelan doeka sanesoem noen, anoe miloe toegoer sapertos djaman tjoeke kol, kebon kopi, oepadi anoe ngiring ngadjagi kareta api (lijn) pedah lemboerna disisi lijn tea, eta oge njoehoenkeun dimanahan; palilidig, hoerik koe peuting, mesoem kaiboen, noen.

Ambo, deudeuh, njaah abdi mah, tjawet poeril poepoerikil bari ngagegembol timbel, sakapeung mah make noengkoes dina toengtoeng iket sabenggol pikeun meuli bako bekel ngaronda Menak keur toenggara tjenah, bari ngoepat-ngapit gegendir.

Tjarelong teu mondok.

Gelenjoe.

geus aja tjonto noe moeloes baugloes, engke loba noe noeroetan. Di oerang ge, di P. Djawa, teu koerang-koerang noe meudjeuhna didjieun maskape. Naha noe baroga kebon teh di oenggal apdeling bet teu aja ketjet-ketjet, teu harajangeun bogaeun maskape tjara deungeun-deungeun.

Toerta lobana, legana saa geus leuwih ti sedeng.

Kahajang teh noe palalinter bidji lan Eropa oelah ngan ngoeroeskeun raad-raad bae, enja ge gede gawena, heug sawareh loempat kana poelitik doeit. Meureun peureup teh moal hampos datangna ka moesoeh, moal diel-el tjara ajeuna. Koemaha bae peureup batoer. Meh sagala hasil. Oeteuk mahal dibareuli. Ari oerang? Ngan semet tjarita, semet menta, teu boga keur pamaksa. Ana radjeun napsoe ambek njedek, tanaga midek, njanggereng henteu sil oengan.

## Tjoerat - tjaret.

Jaaeah, poegoeh oge eta mah ki Napsan, ana geus merod, lapoer moen koerang-koerang mah noe njekel elesna sok teroes mawa kaboer. Saperti di Nagri noeroetkeun bedja dina soerat kabar Walanda, koe ajana riboet kominis teh, loba toean - toean noe dibawa kaboer koe Si Napsan, nepi ka laleungit timbanganana noe djedjeg.

Bakating koe napsoe nepi ka moerang maring, sing saha noe deukeut sigana teh dibaboek bae. Teu ngiugetkeun boga henteuna kasalahan. Tempo tempo mah, lantaran dirina soraugan atawa kantja-kantjana bisi kaoered koe bener katampiliug koe boekti, geuwat njieun parepeh. geusan ngahalangan kanistaan soraugan. Moen bangsat mah mitjeun salasah.

Atawa: eukeur mah eukeur neangan tjoekang keur meuntas, karikari aja pisan kai roengkad malang dina waloengn, . . . atoeh haripeut.

Lantaran politiekna Kangdjeng Toean Besar ajeuna loba noe teu beuki, doemeh ngadjam rek enja-enja ngoeroesna kaperloean bangsa priboemi; doemeh hajang narik deui kapertjajaanana oerang priboemi, . . . . . doemeh kitoe . . . . geuwat kariboetan ajeuna dipake pamentoeng. Sakoer noe disaoerkeun koe Toean Besar teh, tjenah, matak ngoerangan kaisinna (kasieunna) koe Pamarentah Walanda djeung matak ngoerangan kapertjajaan noe ti loehoer ka noe diwadjiokeun marentah kaom priboemi.

„Taoe adat!" pokna teh, „koemaha ari kitoe?" Sangkaanana eta kariboetan teh boeahna politiek Toean Besar ajeuna.

Noe matak tjeuk koering ge: adat adat kai Napsan. Sok mawa kalangsoe. Tjatjak oepami heug sabar heula, asak papaj asak sasar, moal aja noe ngautjoenan.

Kapan ajeuna boekti, iraha karoempoelanana bangsa Kominis, waktoe ngamimitian nawaetoe rek metjakmetjak ngarandapan kakawasaanana pamarentah? Lain t.euk Kabar ti taoen 1925 moela? Pan saha harita noe kagoengan kakawasaan di dieu?

Nja eta atoeh, keur naon make aja paribasa „tamiang meulit kabitis" ari teu kitoe-kitoe atjan mah . . . . .

. . . . . .

Kangdjeng Batawi deuih, disenggol!

Madjar teh: „Eta kadjadian, oge pikeun Dalem Batawi noe sok hajang aja di hareup bae, tangtoe moal ngeunah, lantaran andjeunna katoet bawahanana teu bisa ngabedjaan ti anggalna . . . . . . "

Geura teu poepoegoeh: Dalem Batawi! Naha ari noe sedjen teu disalahkeun? Boektina ajeuna meh sakoeliah Indonesia bakal aja kariboetan. Saoerang euweuh noe njaho bener. Ajeuna, kabehdieunakeun, madjar njaraho, . . . . . tadina mah teusing. Naha koe eta soerat kabar het Dalem Batawi woengkoel noe disalahkeun?

Eueueuh eta meureun pedah Dalem Batawi mah lain Dalem-saja-kangdjeng. Didjieun deudeul pondok, tihang tjabol, didjieun sisindekelan. . . . .

Ampoen Tionggien.

**Abah si Entjep.**

## Regentschapsraad

VOORSTEL.

Djrg. Moh. ENOH. lid Raad Kaboepaten Garoet, madjoekeun voorstel ka Raad, kieu oenina:

„Raad Kaboepaten koedoe menta ka bestuur Pagoejoeban Spaar- Hulp- en Credietbank Limbangan, soepaja sakoerang-koeraugna doea lid R. K. oepamana hidji gecommitteerde djeung hidji lid biasa djadi elid (bestuur? vert:) eta pagoejoeban".

Ari KATERANGANANA kieu:

Noeroetkeun art 2 tina statuten maksoedna eta pagoejoeban: „Spaar- Hulpen Credietbank" rek ngamadjoekeun karahardjaanana rahajat Garoet, koe djalan: mere kalonggaran geusan njengtjelengan soepaja aja hasilna eta doeit' mere ngandjoek ka djelema-djelema, desa-desa, maskape-maskape atawa ka pagoejoeban-pagoejoeban noe sedjen geusan ngadjalankeun, ngagedoan atawa ngomean roepa-roepa paoesahaan (bedrijven) djeung pikeun kaperloean kaperloean noe sedjen noe aja manpaatna.

Art, 1 § 1 tina uitvoeringsreglement geus naugtoekoun kieu:

Noeroetkeun oenina artikel 3 § 2 tina statuten noe wadjib dihatoeran djadi elid ieu pagoejoeban njaeta: hoofd van plaatselijk bestuur, Kdj. Dalem djeung sakabeh ambtenaar-ambtenaar di sadjero kaboepaten, noe sok kawadjibanana kana mariksa (controleerende ambtenaar).

. . . . . .

Djadi noeroetkeun noe ditjaritakeun di loehoer, maksoedna eta pagoejoeban, nja eta ngamadjoekeun karahardjaanana rahajat, anoe tangtoe leuwih aloesna oepama dihantja babarengan djeung Raad kaboepaten, sabab kapan ngamadjoekeun karahardjaan rahajat teh oge kawadjibanana R. K.

Tjontona pikeun babarengan digawe oepamana bae kieu:

Pagoejoeban mere ngindjeum doeit ka kaboepaten pikeun ngajakeun atawa ngagedean papaoesahaanana saperti: pasar, pamandian dj. dj. t. e. toer teu kalawan renten noe beurat djeung teu loba tempona pikeun naoerna

Ponggawa BB. noe geus djadi lid lantaran katarik koe kapangkatanana tangtoe moal bisa dianggap djadi wakilna Raad kaboepaten.

## Timbangan dessaraad.

Hoofd artikel „Sipatahoenan" ping 30 November 1926. No. 22 aja timbangan „Desaraad" noe ditjarioskeun koe toean Engelenberg cs. di Volksraad. Ningal katerangan sakoemaha anoe ditjarioskeun dina eta hoofdartikel, sareng timbangan pribados oge anoe mabok koe kamerdikaan, teu kinten moepakatna, oepami eta raad desa matak seueur saena, soemawonten sadajana sae, pikeun ka bangsa oerang. Wireh dina eta hoofd artikel aja saoer kieu: noehoen pisan lamoen aja para kantja noe bisa ngageuing hal ieu ka koering", teu kinten pribados atohna wireh anoe njerat eta artikel palaj sareng kersa ngadangoekeun kana emoetan noe sanes.

Sajaktosna ti kapengker pribados oge ngemoet-ngemoet kana oeroesan raad desa, koemaha pisaeunana sareng piawoneunana (mahala mahajoena). Nembeanana tina ma'loem, lieur mabok tea koe kamerdikaan; djol-djol moepakat bae kana ajana desa raad, oepami ngemoetkeun kana mamanisna, nanging renwas kalaminakeun oepami ngemoetkeun deui kana mahalana ka bangsa oerang.

Nanging ti ajeuna oge bade ditjarioskeun jen ieu timbangan teh sadajana oge „Lamoen", margi koemaha ngatoerna sareng hakna raad desa oerang sadajana oha teu atjan kenging katangtosanana.

Doepi noe djadi ka inggis ka pribados, oepami didajaan-raad desa „tjap ngoepahan", nja eta ningal kaajaan noe baris djadi lidna, soemawonten oepami nganggo de Voorzitter koe Loerah mah beu! taja panginten kana mangpaatna, margina nja eta kapan sadaja oge kantenan oeninga kaseueuranana Loerah teh tebih kana terang dikawadjibanana jen, manehna teh wawakil oerang desa, anoe perloe mikanjaahna ka djelema - djelema. Apan tetela pisan didjieunna oge parantos koe rahajat desa, geuning boektina mah sok seueur paketrok sareng rahajat, malah djeung sok gadoeh roemaos menak sagala. Eta teu tangtos taja lian djabi koe tina kabodoanana.

Ajeuna oepami didamel voorzitter tina raad desa anoe soemawonten kana tiasa ngabentenkeun naon ari voorzitter naon ari raad, naon ari Loerah, kapan sapalih mah nganggo implik-implik koe teu tiasa njerat njerat atjan.

Emoet deui kana pielideunana tangtos matak reuwas margi:

Noe milih pilideunana teu atjan terang koemaha mistina milih Lid keur 1 raad, biasana anoe diparilih teh bangsa kapala-kapala deui bae komo oepami di 1 district atanapi onderdistrict noe djadi Wadana atanapi Tjamatna, merk P. E. B. tangtos Si oerang desa mah, noeroet bae kana Propagandana P. E. B. tea, soepaja si eta anoe dipikahajang koe P. E. B, kapilih, toengtoengna beuki seueur raad, beuki seueur soengoetna P. E. B. di desa desa beuki ipoekan P.E.B. Malah ajeuna pisan anoe djaradi Lid Raad kaboepaten, kapan kaaroening, noe djadi Lid kenging kiesmannen teh boektina, meh sadajana B. B. Ambtenaren bae. Ana proeng teh dina raad seueurna mah moepakat sadjah. Atoeh ari maen moepakat bae mah, masing anoe perloe teu dimoepakatan oge sanes raad kaboepaten, nanging raad moepakat. Tah ieu anoe saroepi kieu anoe Ledenna bangsa „orang terpeladjar?" Komo di desa mah!

Eta teh taja sanes tina kiesmankiesman tea sanes djalmi noe mangartos, milih teh milih soepaja milih bae, margina noe ngadaramel kiesman tea nja eta noe piahireunana milih lid desa raad tebih kana terangeun koemaha kamistianana.

Kantenan menggah di desa anoe aja di kota atanapi rahajatna anoe parantos tjampoer kana politiek, tangtos moal kitoe boa, nanging kedah diemoetkeun kaseuseueuranana dessa djadi seuseueurna rahajat anoe tarebih pisan kana sapertos anoe di loehoer. Kawoewoeh beuki risi pisan oepami emoet kana Onderneming - onderneming anoe tangtos ajana di desa desa tea, anoe kakawasaanana onderneming teh sakapeung tiasa naloekkeun B. B. Ambtenaren, komo ka oerang desa mah.

Toean Engelenberg mah kapalajna oge dina saban raad di dinja aja wawakil P. E. B., komo dina raad desa mah djigana parantos tjaket kana djadina maksad P. E. B. teh.

Koe margi gadoeh emoetan anoe sapertos kitoe, langkoeng sae eta raad desa anoe pangaroehna baris katjepeng koe sanes hak oerang entong diajakeun bae.

Malah langkoeng sae, Volksraad bae paparin atoeran sareng kakawasaanana nja kitoe deui lid-lidna langkoeng tjekapan ti batan ajeuna. Pasrahkeun kakawasaan anoe saenjana.

Nja kitoe deui Regentschapsraden paparin kakawasaan masing lega. Seueur teuing Raden oge ari matak „ngeurad" mah teu perloe.

**Soeka.**

Panjamboeng.

Engke kapajoen ditjarioskeun deui hal ieu. Saha deui noe bade nimbang?

Red.

Djoeragan Redactie

Sipatahoenan.

## Si Roda Mala.

Ningal seratan Abah si Entjep djeung djoeragan Sasradisoera dina No. 23, 25 tina hal „Si Roda Mala" moega ieu seratan sim koering dimoeat dina Sipatahoenan.

Saenjana mah koering teh meakkeun kapanasaran, papaksa lantaran roemaos baliloe teu ara noelis dina Sipatahoenan. Basana balelol djeung rada tjampoeran deui.

Sabalakana bae koering teh rada teu ngartos kana seratan Abah Si Entjep perkara Si Roda Mala teh. Tapi koering djeung sabatoer koering anoe tjengeng tea hajang ngartos anoe saleresna lantaran koe lemes tea diatoerna, boeboehan moal salah eta noe ngarang teh boedjangga pitoein prakatengtang toekang njarita, per lente ahli sesebred, heg bae koering djeung babatoeran koering, tina ngaraos toena pangarti, sanadjan diboelak-balik matjana, keukeuh „odoh" ngahartikeunana, njangka noe lain-lain.

Nepi ka Djoeragan Sasradisoera mah nerka Abah Si Entjep teh . . . . .

Tah koe lantaran kitoe koering ka ka Abah Si Entjep sedja toemaros, neda sanget katerangan, moega neda djawab pertanjaan anoe teges dina basa anoe sakira kahartos koe sarerea, oelah aja „dubbelzinnig-dubbelzinnig" kitoe, tjindekna „in ronde taal".

Kieu geura panaros koering teh. Eta karangan „Tjoerat tjaret" Si Roda Mala koe koering djeung babatoeran koering kieu dihartikeunana:

"Si Roda Mala djeung sabatoerna= Comministen, anoe ngariboetkeun djagat di oerang ajeuna tea. Sanes kitoe, Djoeragan?

Toekang kebon=politie. Anak-anak toekang kebon = bangsa pangkat politie anoe laleutik saperti politie Agent.

Noe geus ahir baleg, meureun politie noe geus rada loehoer pangkatna!

Sanes kitoe Djoeragan?

Ari Abah Si Entjep mah tetela noe laladjo tea meureun.

Toeloej eta karangan koering noe „odoh" ngahartikeun djeung matjana tea, strekkingna kahartina kieu:

„Abah Si Entjep teh teu kakak teu tjaladi, teu aro-aro atjan ka Communisten teh sarta beak karep teu panoedjoena (of juister gezegd) „veroordeelen na" kana kalakoean Communist njieun kariboetan tea, anoe sakitoe hinana, ngabongohan, tangtoe moal aja pidjelemaeunana noe rek moedji, rek ngabenerkeun kana tingkah polah noe pantar kitoe.

Noe ngarang „zich van de beeldspraak bedienende" njaroeakeun Communisten djeung Si Roda Mala.

Saha eta Si Roda Mala teh? Indruk koering tina dongeng si Roda Mala:

„Roda Mala teh hidji nonoman poetra Wali Pantja tengah, koe papasten diroepakeun bagong, „dus een jongeling, die gedurende zijn omzwervingen de gedaante van een varken aannam en zich zijn verheven afkomst herinnerende, tot zijn vroegeren staat van mensch wilde terugkeeren, bij welke pogingen hij, tijdens zijn rond doolingen om den weg naar zijn menschelijk bestaan terug te kunnen vinden, verscheidene tuinen verwoestte en zelfs zijn woede koelde op de bewakers dier tuinen."

Tjindekna anggapan koering eta Si Roda Mala teh „een figuur, een wezen, dat onder een leelijk omhulsel een edele kern bezat, strevende naar een geheiligd en gerechtvaardigd ideaal."

Ajeuna koering naros oepami jaktos Si Roda Mala = Communist, naha eta ngadamel vergelijking teh dihadja atawa teu dihadja (bewust atawa onbewust)?

Oepami ngahadja, tjeuk ingetan koering noe „odoh" atoeh bisa djadi dihartikeun Communisme = leelijk omhulsel, het varken zijn tea, ideaalna nja merdika. Atoeh kantenan het woord „merdika" op zich zelf, anoe schoon, anoe gerechtvaardigd ideaal tea. Tapi merdika anoe dioedag koe Communisten: WAT VOOR „merdika?".

Koering emboeng merdika oge ari „merdika Communist mah". Lantaran andjeun tetela lid Pasoendan, sarta andjeun nerangkeun „kaom koering, pagoejoeban koering, dipikatjeutjeub koe kaom si Roda Mala", sageuj soegan palaj „Merdika Communist m. a. w. Onafhankelijkheid anoe gestreefd koe Communist tea" mah. Atoeh ana kitoe tjeuk anggapan oerang (andjeun + koering) eta merdika Communist lain geheiligd ideaal. Atawa lain kitoe tjeuk andjeun mah?

Koe njaroeakeun si Roda Mala tea djeung make intjoe bao, djanggawareng, sagala roepa rea, toeh heg bae koe koering dihartikeun samata - mata: „voorspiegelen van een mogelijke wraakneming van de nakomelingschap van si Roda Mala, terwijl het licht zou kunnen worden beschouwd als een bedekte vingerwijzing naar wat ze in de toekomst zal hebben te doen."

Verklaar U nader heer Abah Si Entjep, opdat geen verder misverstand heersche!

Euleuh tjatjakan Abah si Entjep katjida teu moepakatna mah kana kalakoean Communist, tjatjakan moen ngahadja teh, verheerlijken Communist, zij het ook in bedekten vorm, koe njieun vergelijking si Roda Mala tea, nja teu kaharti. Meureun nampikna oge Abah Si entjep 12 X, terkadang leuwih. En toch die indruk is gewekt geworden. Moal enja bae djoeragan Sasradisoera njangka noe lain-lain.

Kadjaba ti kitoe Abah si Entjep koe indruk koering mah „hekelen" politie, o zeker, zeker, tjeuk andjeun mah „opbouwend kritiek," tapi langs fijne weg, anoe lemes tea, boedjangga eigen, nepi ka koedoe dihartianan deui. Zelfs zoover, moal salah bae, kana ketjap „hekelen" oge 5 kolom ngadebatna. Tjenah ngingetan, waarschuwen, malah toengtoengna: hij meent het goed met de politie, nanaon. Oepami teu kitoe tjing atoeh terangkeun deui, oelah koe sindir sampir. Da sok salah sangka, ari koe noe „odoh" mah.

Geuning tjeuk andjeun: oepama waktoe keur ngabroel, njanggereng nembongkeun sihoeng, beledag beledag nepi ka toempesss pisan, moal aja noe madjar koemaha. Pun bae.

Meureun hartina: flink van de politie.

Koemaha ari ajeuna? Ieu mah Communist noe dibarogod, digarogol, ger ditjepretan, koemaha bae adat boedak ka sato.

Meureun ibarat, naha aja wani di goah?

Tjik neda katerangan naha politie disaroeakeun djeung boedak teh, naha „hekelen" atawa „opbouwend kritiek".

Toeloej politie disingsieunan atawa fijne uitdrukkingna mah mangrisikeun koe pangmales piengkeeunana, malah om kracht aan zijn betoog bij te zetten, aanhalen perkara Cipier di Semarang.

Hag sia, naha teu sieun politie, sigana teh mani kitoe.

Aja noe lain-lain nja djagan, mana kedah diterangkeun deui oge.

Ah nja bener, dasar Abah si Entjep laladjo tea kakoeroeng koe paribasa „de beste stuurlui staan aan wal" ih naha ketang da Abah si Entjep mah lah aja OBJECTIEF.

Naha atoeh kaliroe-kaliroe teuing, pamarentah teu ngadamel noe djadi toekang mariksa teh Abah si Entjep?

Meureun beres moal aja tjepret, tjatjakan si Entjepna nepi ka ditjatjag diwalang-walang oge meureun mariksana teh kalawan lemah lemboet da geus digarogol. Bener maneh Roda Mala geus njieun riboet?

Ari djawabna teh anoe tangtoe tea (noeroetkeun loeang): Teu roemaos.

T: Kapan maneh noe njatjag ngawalang-walang anak oerang, si Entjep?

D: teu roemaos.

enz. enz.

Euleuh-euleuh tada teuing tarimaeunana si Roda Mala.

Anoe moal ngarah tea ka politie nja kol. Taksiran soemoedjoed.

Koeminis ari tjeuk practijk. Ik kan U verzekeren Abah si Entjep, direndahan teh noe kitoe mah, kalah ka mantangoel.

Ja waarde heer, verschil van temperament, hoor.

„Schoenmaker hou je bij je leest!!!

Nja, tjeuk koering mah rada kaharti oge oepamana hidji doea politie rada naspiug oge. Djeung aneh oepama aja si Roda Mala kaliroe rek ngabinasa Abah si Entjep teh, euleuh ka politie noe „gehekeld" tea menta beschermingna teh meureun.

Lah koetan kitoe nja koelan na aja roepa roepa adat djelema, aja noe „njioem bari ngegel bae".

Tjing mangga koering geura pasihan katerangan, kadjeun teuing 100X eun seratan koering oge asal in duidelijke taal.

**Bapa Edjle.**

## Tjoerat-tjaret.

Djrg. Redactoer,

Satadina koering teh geus gilig pisan dina hate, oepama aja deui noe njerat tina hal si Roda Mala, moal diwalon deui: rek neukteuk njieun auggeus, tina boga rasa geus tetela nerangkeuuana maksoed koering.

Tapi ajeuna bet djol deui. Nja bade maksakeun maneh bae, namoeng: voor 't laatst. Sawatara pamariksaan djrg. Bapa Edjle moal didjawab margi vragen naar bekende wegen. Moeng eta hal si Roda Malana kawas enja koedoe diterangkeun. Saoer Bapa Edjle eta njieun ibarat teh naha dihadja atawa teu dihadja?

Djrg, koering sok matja dina soerat kabar, bedjana maksoedna kominis teh rek ngadegkeun „heilstaat". Ngan bedjana, da teu kakak teu tjaladi, teu aro-aro atjan tea. Dina „heilstaat" meureun djelema teh kabeh tevreden, sabab dadasar hiroep koemboehna: Van ieder naar zijn, vermogen capaciteiten) aan ieder naar zijn behoeften. Djelema djelema digarawena tara ngingetkeun kana dirina, tapi keur sarerea.

Oepama bisa kadjadian kitoe:

Oenggal djelema pada tevreden teu aja loehoer handapan, sepi paling taja bangsat, ieder cijferde zich zelf weg, alleen werkende voor 't gemeenschap, dienende, lamoen bisa kadjadian—gesteld slechts voor in moment, dat zoo'n staat ooit kon bestaan—naha kira - kirana henteu aloes? Kapan disareboetna koe Walanda mah geus heilstaat. Bisa anoe kitoe kadjadian?

*Pamohalan*, sabab djelema kapoerba kawisesa koe napsoe. Noe matak tjeuk koering lingloeng, lain alamna Geura aos deui dina No. 23. Toengtoengna paketrok djeung bestaande orde van zaken. Koering mah ngoedag-ngoedag barang *pamohalan*, pagoejoeban koering ngan rek neangan noe sakira bakal katepi djeung noeroetkeun djalan parlementair, *Dus wij verwerpen 't Communisme onvoorwaardelijk.*

Perkara ngaran-ngaran estoe kabeneran, samasakali teu aja maksoed ngahinakeun atawa verheerlijken. Si Roda Mala bisa diganti koe Boeta, toekang kebon koe Radja, anak-anakna koe prinsen.. Si Roda Mala bisa diganti koe banteng si Sanga Doelang, kebon koe patamanan poetri noe ngadjagana para batara atawa para satria Estoe toeval.

Koering djeung Bapa Edjle estoe ngaler ngidoel. Koering njaritakeun recht adjeunna gevoelssentiment. Noeroetkeun kahajang mah, kapan djeung sawareh djalmi mani emboeng salangit tjeuk balasan oge. Tapi ieu mah recht recht! Enja geus gehandeld buiten de wet? Tah koering teh hajang ngabedjaan eta, oelah mengpar tina papagon nagara. Oepama tjeuk koering ka si Entjep: „Naha sia teh oedjang mana kitoe lampah, koemaha engke moen aja noe maehan!" Naha maksoed koering teh soepaja anak dipaehan?

Oepama koering ngabedjaan ka sobat koering: „Bapa Edjle, naha mana kikitoean, koemaha engke moen tjara si Sebloe, pada ngerepoek!" Naha „pada ngerepoek teh" koedoe dianggap goreng?

. . . . . . .

Djrg. Redaktoer, bilih aja deui noe ngintoenan hal ieu, langkoeng kersa dilebetkeun henteuna, koering mah parantos bae semet ieu. Djrg-djrg sigana teh anggoer beuki in „geprikkelde stemming. Tjoba oepama teu kaboeroe koe napsoe moal enja pantar djrg. bapa Edjle nepi ka kersaeun noelis: „Naha atoeh kaliroe-kaliroe teuing, pamarentah teu ngadamel noe djadi toekang mariksa teh Abah si Entjep." Geura engke mah dimana andjeun geus leler matja deui eta, abong moen teu ngagakgak. Meureun saoerna teh: „Bedoes bet boeboedakeun".

Tjara si Asmin keur ngongget-ngongget ngadjoengdjoengkeun pot koe batoerna dibedjaan: oelah ti di nja saoer djoeragan ditjekelna, molotot bari ngagoak: „pek atoeh koe sia!"

Djaba ti eta aja deui opmerkingen noe sanes anoe „van 't zelfde kaliber. Tapi teu didjieun hate sababna begrijpelijk, ngan . . . . onrechtvaardig.

. . . . . . .

Ik heb mijn plicht gedaan.
Ik zwijg.

**Abah si Entjep.**

**Panjamboeng.**

Jaktos parantos bae tong papandjangan, da manawi tetela ajeuna maksoedna Abah si Entjep, ngan ngabedjaan. Oepama dihantem dibenjeng-benjeng bisi djadi **persoonlijk**, nja moal aja toengtoengna, tina **niemand is feilloos**. Koering pertjaja arandjeunna moal lali kana titinggal karoehoen „boeroek - boeroek papan djati."

**Red.**

## Ngawaler Saembara.

**Samboengan.**

Hajam djago babaranten, dina golongan sato saperti hajam geuning aja bikang aja djagona make aja paloekna deui, di golongan manoesa mah komo aja istri reudjeung pameget, njakitoe deui diantara noe sakitoe lobana teh, seueur noe djadi djago (djempolan), geuning aja basa djago paminpin rajat anoe djadi babantenna.

Dikentjreng-kentjreng koetjoeboeng, sanes dieneng eneng koe daoen (kembang koetjoeboeng), da lebah dieu mah sanes di amang amang koe koe tjoeboeng bedil, tapi dioelang-oelang koe artikel koe ketjap angger-angger noe parantos dioemoemkeun dina wet, karadjaan.

Koetjoeboeng koeroewek doegel, saha saha djelema ketjapna (lisanna ngalanggar artikel . . . . . dina wet, tan wande ditangkep koe Poelitie, da dipandang rek ngasoet katertiban oemoem.

Mana doegel ka si moentel, sahasaha atawa mana-mana djelema noe rek metjahkeun kaamanan nagara, malindes kana dirina tangtoe di boentel, nanging diboentel koe lawon (karoeng), wande lebet ka boewi.

Djindel, sami sareng djentoel nga-


# Lelang

Dinten Rebo kaping 29 December bade aja lelang barang-barang djoeragan L. A. Lezer, dilelangkeun di imah djalan station No. 11, pajoeneun toko boekoe WEBER.

**Seueur pisan**

Parabot imah, saperti: Lomari, pakean, lomari boekoe, medja, korsi marmer, medja toelis pamotongan boekoe, mesin toelis „MERCEDES", magneet Bosch", rak-rak, 4 tempat tidoer, sapatoe, gambar-gambar 2 bascule „Fairbank" (timbangan ageung) sareng seueur-seueur deui.

Kenging ditingalian malem rebo, djam 6—8.



# Lot PROTESTANTSCHE WEESHUIS, SEMARANG

Hoofdprijs f 150.000— Tariknja 1 Juli 1926

*Harga satoe lot:*

**11**[35] kaloe kirim oewang lebih doeloe atau 11.75 dengen rembours.

Trekkingslijst di kirim pertjoema.

**Horlodji Cyma**

ada sama baiknja sama laen² merk jang terkenal. tetapi kita djoewal Cyma banjak lebih moerah. Tandinglah barganja:

*Horlodji kantong*

| | |
|---|---|
| nikkel | àf 10.— |
| „ | „ 14 — |
| mas, enkelkast | „ 45.— |
| Chronometer, mas enkelkast | „ 55.— |
| Chronometer, mas dubbelkast | „ 75 — |
| merk Enigma | „ 4 50 |
| „ Mysteria | „ 6.— |

*Horlodji tangan pesagi*

| | |
|---|---|
| nikkel | „ 15.— |
| doublé | „ 20.— |

**Vulpenhouder moerah dan baik**
*pake pen dari mas 14 car.*

| | |
|---|---|
| merk Lugard . . . . | àf 3.25 |
| „ Express . . . . | „ 3.75 |

**ANG SIOE TJING**
Slomprettan 4, Soerabaia.
*Mintalah kita poenja prijscourant jang lengkep.*



9

**Schoenmakerij en Kleermakerij „Malah Mandar"**

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi rakaeekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih medelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan poen

**O. Sasmita.**

N. B.
Toedoeng Panama

| | |
|---|---|
| noedidamel tina palm | f 5,— |
| „ „ „ djakal | f 2,50 |
| strobia (pamoelasna) | f 0,25 |



**ADRES noe parantos KASOHOR**

**DAHJAN**

Toekang Mas Roemah 18
TASIKMALAJA.

Ngitjalkeun roepi-roepi perhiasan tina mas sareng perak, damelan pribadoe, sareng nampi padamelan sapertos: Ngadamel pending (band) pinggel peniti, soember, lilipen, padamelan ditanggel sae sareng enggal.

Djabi ti eta ngitjal roepi-roepi erlodji sakoe, erlodji tangan, wekker, dompet alpaka model anjar sareng seueur-seueur deui perhiasan mangga djoeragan-djoeragan enggal saroemping soepados kaoeninga.

— :o: —

Tina Tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging:

**EEREDIPLOMA MEDALI**

3 **MAS.**



**Sajagi kareta Mesin** Merk **SIMPLEX** sareng Merk **Europa (England).**

Sajagi **Auto Banden Michelin, Goodyear, Dunlop,** harga mirah, sareng prabot AUTO roepi-roepi mirah.

Inditna AUTOBUS
ka Garoet djam 7 endjing
ka Koeningan djam 7 endjing
ka *Karangnoenggal* djam 7 endjing
ka Bandjar djam 7 endjing sareng djam 12 endjing.

Inditna ti Toko Beng.

Sareng parantos sajagi Glas (loemoer) roepi-roepi Kleurna, saperti beureum ngora, hedjo ngora, boelao ngora, koneng ngora rowa keneh roepa roepana kleur, sareng kembang bodas nganggo strip Mas.

Stopflesch noe nganggo djing-djingan Winkelflesch (keler tempat koeweh) roepi-roepi, anoe saliter sareng noe saliter satengah.

Roa keneh barang noe marodel sadjaba ti eta,

**TOKO BENG**
Tasikmalaja Tlf. No. 2.



**KLEERMAKER**
**M. HOESEN**
KIDOEL STATION
**TASIKMALAJA**

Nampi padamelan roepi-roepi anggoan, ditanggel sae, pangaos mirah.



**Toko en Drukkerij Pasoendan**
**Tasikmalaja.**

Ngitjal saniskanten boekoe pangadjaran sakola sakola sareng aosan sepoeh anom.

| | |
|---|---|
| Nemte medal wawatjan Angling darma | f 1.75 |
| Nji Sari Kingkin | f 0 32 |
| Poetri toedjoeh balebat | f 0.60 |
| Neng Hajani | f 0.50 |
| Paririmbon sepoeh | f 0.15 |
| Biantara Democratie | f 0 12⁵ |
| Batararama 3 djilid | f 1 50 |
| Ardjoena Laras Konda | f 0.75 |
| Minjak moestika | f 1.— |
| 100 Kwitantie sakola (model paling enggal). | f 0.60 |

Djabi ongkos ngintoenkeun.



**COIFFEUR**
**B. OETIH**
Toekang maras

Djadjaway Tasikmalaja.

Parantos njajagikeun medja tiolet anoe anjar endah pisan, padamelan resik sareng parantos aja knecht anoe pinter. Masing emoet oelah lebar artos saeutik noe didjagi kawarasan. Roa kadjantenan anoe ditjoekoer koe noe kirang apik ngadjantenkeun tjilaka salira. Mangga saroemping.

Noe ngantos
19 **B. OETIH**

Tjaket Soos. K, M. Tasikmalaja



# Ngalih

Dina kaping 1 Januari bade ngalih ti Tasikmalaja ka Bandoeng (Kadjaksaän 20).

**Boekenverzendhuis**
**L. A. LEZER.**

Prijscourant 1927 parantos sajagi.



**BAROE TRIMA.**

Roepa-roepa sigaren: Sigaren Karel 1, Moortjes, Ameropa, Delftsche post. Sigaretten Abdulla, Clysma, Felucca, Maspero Kyriazi.

Roepa-roepa port, malaga etc.
Katjamata-katjamata mas, nikkel, double

**Preanger Chemicaliën Handel**
13 **TASIKMALAJA.**



# YO TEK SENG

**(Toko PIRING)**

**TASIKMALAJA.**

**Telf. 70.**

Per S. S. „UARDA" dari Hamburg (Duitschland), kita baroe trima roepa-roepa Stoples dan Winkelfles (keler tempat koewe-koewe). Sebab kita sengadja pesen Winkelfles dengen menoeroet kita poenja model, maka pembeli kapan ada jang toetoepnja petja, soesa dapet gantinja, sekarang kita sengadja pesen toetoepnja, soepaja pembeli tida menjesel barang mahal tida ada toetoepnja.

Pada toean-toean jang soeda beli Winkelfles dari kita, kapan toetoepnja petja, bisa dapet beli dari kita dengen harga f 0,75, satoe bidji.

Kita poenja Stoples dan Winkelfles, kita tanggoeng kaloearan Fabriek di Hamburg (Duitschland).



# BOEKHANDEL & UITGEVERIJ
**TJIKIRAJ SOEKABOEMI,**

Oerang Soekaboemi kapati-pati koe boekoe Eulis-Atjih, di Tjiandjoer sareng Bandoeng galaloedjroed koe loetjoena istri pengkoeh dina boekoe Kasoeat koe doeriat, sa-Pasoendan henteu aja noe teu kagembang koe Agan Permas karangan Joehana tina aneh-anehna.

Boekhandel & Uitgeverij Tjikiraj Soekaboemi ajeuna parants ngaloearkeun deui boekoe Tjarios Pegat Toendangan noe tangtos bakal diproekproek koe panjebeet loetjoe ti sepoeh-sepoeh sareng soegih koe pamoedji ti para istri

Babasan dina ieu boekoe ten kedah dipoedji deui, estoe margaloejoe ninggang dina wirahmana,

Ieu tjarios hidji kadjadian anoe ngeri pisan moeng oelah lali salempaj tadah tjisotja,

Pangaos sadjilid tamat moeng f 1,10 djabi ti ongkos ngintoen.



# Tipoeng Hoenkwe tjap Boengah

damelan Njonja Tjoa Tjoen Goan **Tjitjoeroek.**

# PIKEUN SASIH SIJAM

Teu aja deui sanes roepi koeweh noe pangraos-raosna kadjabi ti koeweh-koeweh anoe didamel tina TIPOENG HOENKWE tjap BOENGAH. Koeweh noe didamel tina ieu Tipoeng aja masihan raos, seungit, adem sareng ni'mat ditoeang, sinareng tiasa masihan nafsoe kana dahar, pikeun BOBORAN SIAM.

Pikeun djalmi-djalmi noe saraoem, langkoeng sae sajagi ieu Tipoeng Hoenkwe, margina pikeun ngarot kopi atauapi thee, ieu koeweh kenging disebatkeun No. 1.

Saha-saha noe saraoem sering kirang nafsoe kana dahar, tapi oepami kersa njobi kana sapotong AGER HOENKWE atanapi PUDDING tinangtos djadi kalintang nafsoena. Seuseueurna dina BOBORAN SIJAM sok raos ngaleueut anoe tiis-tiis, nja eta saroepi ijs sareng sirop. komo bae oepami nganggo TJENDOL noe didamelna tina TIPOENG HOENKWE tjap BOENGAH, tangtos djadi kalintang raosna.

Pangaos f 0,25 sapak. Pesen paling saeutik 15 pak, dikintoen rembours.

Atoeran nganggona Gratis!

Njonja Tjoa Tjoen Goan
**Tjitjoeroek, Preanger.**



# SIK DJOEN KWAN
**TOEKANG GIGI**
**Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.**

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeloeng koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng sanes-sanesna. Ieu saaaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg toko noe njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsoe. oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo,

ligeuh tanpa goena.

Djadi sadaja ketjap-ketjap katjapangan baroedak oelin teh, oepami koe oerang dimanah noe enja, dipikir noe lantip, estoe ngandoeng maksoed djero pisan toer penting pisan, njesemonan deui.

Njakitoe deui eta katjapangan tea oepami djoedoel maksoedna diparelekeun, meureun pimaksoedeunana kieu:

Proeng arandjeun bareng geura ngoedag kamerdikaan andjeun, sing lajeut djeung deungeun, sing luejoe djeung batoer sahaloean, sing lempeng nja toedjoean oelah ingkur tina kabeneran, reboet hak andjeun dina saparte sapartena.

Andjeun teh pang dipilih djadi wakil rajat teh, geus katimbang bakal njaah ka bangsa djeung lemah tjai.

Tapi sanadjan kitoe poma arandjeun sing waspada ketjap lampah sing oetama malar laksana anoe disedja, iapi sabalikna lamoen arandjeun sambewara ketjap lampah lalawora pasti woeroeng noe disedja, andjeun balai di boewi, batoer miloe kasangsara.

Wasslam

**Poerwitatresna.**

30-8-'26

## Nempoeh Saembara.

Tingali Sip. No. 8 ping 24 Augs. '26.

Prang, tjindekna perang, saroea djeung ngareboet, ngadjabel (menta djeung paksa),

Pring, eta awi, basa Djawa, awi teh roepa-roepa aja awi bitoeng, awi temen, awi soerat, tah noe dimaksoed teh eta soerat, ari soerat teh nja eta omongan.

Proeng, eta nitah saperti proeng geura tabeuh = pek.

Saboeloe-boeloe saroea djeung sahidji-hidji geuning aja paribasa saboeloe-boeloe moeriding, hartina hidji hidji boeloe moeriding (tjarengkat) tapi lamoen dikeunakeun ka djalma mah moal sahidji sahidji tapi koepoe saoerang-saoerang.

Gading, eta aja gading simoeng, basa Malajoe mah djeung aja gading roepa, geuning aja kalapa gading tjenah, hartina eta kalapa roepana gading (koneng) djadi eta gading maksoedna roepa.

Sa oenda-oenda saroea djeung saheuteu heuteu (saheuteuna) = pirakoe Perang, menta djeung paksa.

Nja perang, saroea djeung nja menta kalawan paksa di Pangadegan, kawasna mah Pangadegan teh, tempat radja (nagara) Pangagoeng, tjindekna mah Pamarentah bae meureun.

Toeroene saroea djeung toeroenan njokot tina basa sangkrit, djeung oepama toeroenan oerang mah tangtoe bangsa oerang.

Poeroeh, eta nja oerang pisan, njokot tina sora, poejoeh teh oepama disada ari poejoeh lalaki mah sok disada tje tjean ari entje teh nja eta oerang, tjeuk basa Palembang mah.

Hajam djago saroea djeung hajang djadi Babaranten, asal tina doea ketjap basa djawa, babaran reudjeung ten, babaran hartina bidjilan, ari teu saroea djeung ti saperti babaran poendi, saroea djeung bidjilan mana djalma mana) ari maksoedna didieu kana senang (moerba).

Dikentjreng-kentjreng hartina diasong-asong (didenge - denge) geura oerang ngentireng keun doeit, saroea bae djeung oerang ngasongkeun sora doeit kana tjeuli.

Koetjoeboeng eta tjongo bedil

Koeroewek, saroea djeung ngorowek (ngaliangan maksa).

Doegel, nikel (malik).

Mana doegel, manan malik (anggoer malik) Kasimoertel teretel djindel = ngahintoel poental pintel (ngadjentoel).

Djadi beresna tjarita kieu Pek geura parentah kalawan paksa, koe soerat atawa omongan, saoerang-saoerang.

Naon roepana noe dipikahajang teh. Pirakoe dipenta kalawan dipaksa mah.

Nja menta kalawan maksa ka Pamarentah Bangsa oerang hajang djadi djalma moerba.

Sanadjan diasongan tjongo bedil oerang oelah waleh, da tjongo bedil mah moal maksa.

Manan maksa anggoer malik:

Poental pintel ngadjentoel bae.

Malah bari nangkeup toeoer banggoena teh mikiran ka toekang-toekang oeroet noe sakitoe motahna.

-Ieu mah pohara binangkitna katjapangan boedak teh, oepami jaktos mah kieu, kawasna dina waktos eta oge parantos njerieuk kana democratie (Volkssouvereiniteit) teh.

Tah sakitoe noen pamendak sim koering mah.

Hoermatna poen

Leon.

Datum postmerk.

## Hal Patanen di Parigi.

**Samboengan.**

Timbangan koering, oepami djoeroe tani di Parigi geus tjoekoep meunangna didikan elmoe tani, moal ari oedjoeg-oedjoeg buitengewoon mah tatanenna, nanging tiasa rata-rata heula nambahan hadena tapi koering pertjaja lami lami djoeroe tani di Parigi lamoen geus loehoer kanjahona aja pangharepan bisa oge tanina kana buitengewoon. djoe. S.

Saoer djoeragan: Mending mana heula di Parigi diberesan Sakola Tani, djeung tjai? Tangtos milih tjai heula djoeragan, margi eta noe langkoeng perloe. Sabab lamoen pasawahan Pangandaran, Parigi, Tjidjoelang, tjoekoep pitjaieunana, anoe moal kadjadian sawah garoeng kahalodoan.

Tjeuk djoeragan S. eta sanes buitengewoon? His poegoeh bae loear biasa mah, tapi ke lanan djoeragan S.! Hidji kadjadian dina hidji tempat noe geus karasa kalakoean koe pangeusina, kasalahannana bah kakoerangannana tina bab tatanen naha moal diomean?

Tjeuk rasa pikiran koering anoe tangtos enggal diomeanana, mana eukeur oge Pamarentah Irrigatie kalawan sokongan rajat bade nambak Tjidjoelang, lebah dieu hartosna rek ngomean djeung nambahan kaperloe an djoeroe tani djeragan,.

Tobat! henteu kalangsoe djoeragan, sanes haripeut pedah Tasik menta Mulo atawa Tjiandjoer meredih Ambachtsschool, ngan emoetan koering peupeurih koering ngabeberkeun pipikiran goena sarerea henteu atjan tiasa, lantaran teu atjan katepi koe boedi pangarti koering, atoeh koering teh bisa-bisa ngoeroes roemah tangga sorangan nja eta „Parigi" Dina eta paneda koering hal Sakola tani djoeragan henteu atjan moepakat, henteu djadi sawios-wios, dalah koe koering oge dis ehoenkeun noe enteng bae heula nja eta „Mantri Landbouw".

Ngaan! Handjakal tadi di loehoer teu moepakat kana ajana sakola Tani di Parigi, kantoen kantoen di handap djoeragan masieup, mapantes lamoen di Parigi diajaan Landbouw school, malah sareng Handelsschool deui. bet asa loentjat moelang. Lebah dieu teu patos ngartos.

Henteu sanes matoer noehoen kana Noot djoeragan Red. miwah timpah noehoen ka djoeragan Redactie parantos kersa boeat ieu waleran.

Kering koe salam hormat

**Proewitarisna.**

Parigi 20 Novembei '26.

## Makan pagi.

V.

A: doenja mah, teu aja deui baelian ti Agama Soetji, noe pangsloesna.

B: Poegoeh, samangsa Agama, Soetji.

A: Is LAIN, maksoed mah Agama-Islam.

B: enja, da oenggal agama ge Islam.

A: Ih lain kitoe, ieu mah Agama-Islam Mekah.

B: Eta oge bener. Ngan pikeun noe moedjina mah, doeka.

A: Doeka koemaha?

B: Doeka, sabab agama, lain oeroes-oeroesan Doenja. Oepama dipaksakeun sok bingoeng, lantaran ti aja noe moedji, djeung noe di poedji. Kadjadianana, noe dipoedji djongdjon: Soetji, agoeng, moelja, asih, moeran.... noe moedjina, angger bae geuleuh saoemoer-oemoer. bingoeng saoemoer-oemoer, tjektjok saoemoer-oemoer, boeboedakeun saoemoer oemoer.

Naon ngeunahna, geura pek pikir!

A: His, kapan ari oerang mahloek, sipat hina, teu daja teu oepaja. Ari Goesti, Cholik (noe ngadamel). kawasa, toer moelja.

B: Djadi noe hina, koemawoela ka noe moelja?? Koemaha pikapakeunana. Oepama andjeun djadi Dalem, naha kersa nganggo koki noe borok-berek, djorok sagala roepa, njerebet koe saroeng? Kawas mending wajahna prak koe andjeun bae, moen tjara koering mah.

A: Djadi koemaha atoeh maksoed andjeun teh?

B: Hih, naha nanja ka koering?? Tadi andjeun ti heula, njeboetkeun, jen agama soetji pangaloesna.

A: Nja eta, kapan di doenja teh, pirang-pirang Agama, aja: Kristen, Boeda, Hindoe, Tjina, Islam, djeung rea-rea deui. Tah, koe paham koering, diantara eta, noe pangpoendjoelna, ngan Agama Islam.

B: Sabaraha dim leuwihna?

A: Ah andjeun, mah, bisa bisa bae.

B: Poegoeh andjeun noe bisaan, njaho poendjoel, teu karana pagawean.

A: Na koemaha ari paham andjeun, atoeh??

B: Ari tjek koering mah, Islam mah, Islam baeeee, tong make boendang-banding, atawa rarat-reret ka noe sedjen oepama kitoe, lampah andjeun boedoedakeun keneh pisan njiar radja wisoena. Naha lamoen Agama Islam hina, atawa tiap papak djeung noe sedjen andjeun rek ganti atawa pindah kana Agama noe lain Islam? Tjik hajang njaho wani waktja?

A: Ah, geus bae atoeh eta mah. Ajeuna mah ieu bae aja kapanasaran noe sedjen, tapi noe tadi keneh „noe hina, koemaoela ka noe moelja geuning tadi make Dalem Dalem kitoe.

B: Enja eta mah, oerang koemaoela, djadi Abdi, noe Beeeeer.

A: Naon tjirina Bener?

B: Katarima koe Doenoengan.

A: Tandana katarima?

B: Oerang kataoeroenan atawa Kabagean sipat andjeunna. Djadi sipat-sipat Goestica (kasoetjian, kamoeljaan, kamoerahan, kaasihan). tamplok aja di manehna kabeh. Eta teh, taja lian, Sakitanan tadina daek mileuleuheungkeun ngamgihan noe benertea.

Tah ajeuna sanggeusna sipat-sipat Kagoestian, ngantjik di abdina kabeh, Goestina saha noe ngoeroes? Djeung sipat teu daja teu oepaja, di saha ngantjikna?

Tah noe matak djadi tibalik Boeta Kasari, Goesti mah, lain pentaaneun atawa koemahaaneun abdina noe bener, tapi pikaroenjaeun. Sembaheun, poedjieun; ahirna Agoengkeuneun, basana Allohoe Akbar.

???

## PIKIRAN!

met liefde

Di Walanda aja basa: „met liefde". Nincal noe matjoel, panas ngettrak di sawah, zonder hoed teu dibadjoe, tapi koe lantaran matjoelna met liefde teu sigana teu ngarasa panas. Ana ditjoba enja, panas teu mental!

Eta mah digagawe met liefde, edas! Sakoerang - koerangna noe matjoel djeung noe dipatjoel koedoe goeloeng djadi hidji, edas. Basana oge geuning tjenah: „'k doe èèn ding tege lijk!"

Nalika koering digawe di handel, koering ngarasa kaanggo, ngarasa dipertjaja koe doedoengan; katjida atohna, katjida resepna kana digawe, estoe asoep kana babasan digawe teh met liefde. Babakoena sering diperesen, gadjih sering ditaekkeun, eta kitoe teu mangkoek doea taoentaoen atjan harita gadoeh gadjih f 135.— tina f 50.— ditjoba asal.

Ana disasar bet kawas noe goendam, kasasar, simana horeng pangharepan, djagan pangharepan. Zonder pangharepan is geen leven di alam kamanoesaan mah. *Hoop* djagan, *hoop*; mangga leujepan!

Ieu mah moeng misil bae, teu sae!

**M. G. K.**

Tjiamis 11-12-1926.

## Raad Kaboepaten.

Hatoer noehoen Red. Sipatahoenan parantos nampi ti Raad Kaboepaten Tasikmalaja agenda vergadering R. K. ping 23-12-'26 sareng voordracht benoemeun Controleur Regentschaps-bedrijven, nanging koe margi parantos lat, teu tiasa dilebetkeun kana Sip.

## KABAR

(Tina s. k. Walanda)

Di Proepoek (Tjin Tjirebon-Kroja) aja lini pirang-pirang imah noe roeksak. Station roeksak. Djelema pahiboet.

—o—

Di Belawan (Medan) katangkep madat gelap di kapal Van Overstraten 400 tail pangadji f 8000, Di T. Parioek madat gelap katangkep pangadji f 90.000 katangkep.

—o—

Kg. Dalem Tjalatjap pesta 50 taheon ngasta kadaleman di Tjalatjap. Moal lami deui bade pangsioen sareng sigana gentosna poetrana.

—o—

Direktoer boei Pakalongan keur perlop di nagara Walanda dilepas.

—o—

Provinciale Raad Pasoendan narima voorstel pikeun nambahan gadjih Gedeputeerden djadi f 1000 saboelan.

—o—

Djalan kareta api ti Teloekbetoeng ka Palembang ajeuna anggeus. Lilana perdjalanan kareta api ti Teloekbetoeng ka Palembang ± 12 djam.

—o—

Voorstel soepaja di sakola handap di Nederland diadjarkeun basa sedjen ti basa Walanda koe Tweede Kamer ditolak 36 moepakat 37 henteu.

—o—

Ka bareup oerang Priboemi kadjeun teuing make pakean Walanda (teu dibendo) atawa pakean naon bae, dina kareta api S. S. meunang make kartjis hedjo.

—o—

Di Siantar aja papariksaan perkara ngamaja koeli. Di kontrakan Sebatoe aja papariksaan koeli noe dikaniaja koe hoofdmandor sarta paeh di djalan.

—o—

Di galian barang tambang Berouw (Borneo) 500 koeli ngalawan ka insinjoer. Veldpolitie koedoe maen bedil, aja noe maot djeung tatoe. Insinjoerna dilepas.

—o—

Di Mesir Bak Rajat narima poerstel soepaja Pamarentah meuli kapas oerang Priboemi, oepama harga kapas toeroen tina harga noe geus ditetepkeun koe Pamrentah.

—o—

Di Amerika Sarikat bakal aja sasak gantoeng noe pangpandjangna sadoenja nja eta ti poelo Manhaton ka Fort Lee. Ongkosna 50 milioen dollar.

—o—

Keizer Djepang teu damang wales Prinsnegent sareng poetrina ngalajad ramana ka Hajama.

—o—


**TEGELFABRIEK**

**„NAJA"**

Goenoengtabeulah

TASIKMALAJA.

Midamel roepi roepi tegel. pangaos sareng kakiatan ditanggel ngabingahkeun.

Oegi midamel gambar boemi (bouw teekening), pangaos tiasa badanten).

24 Directeur.

**Toko SOENDA**

**TASIKMALAJA.**

Telefoon No. 56 10

Dina ping 10 Sept: parantos nampi kintoenan 12 roepi piraksoekaneun Palmbeach anoe kabantoen koe Kapal S. S. Jan Pieterez Coen pangaos f 3,50 f elo doea kali lebar, doepi saena teu kantos dipoedji deui langkoeng oetami ningalian koe andjeun sanaos dipoedji disae-sae oge, henteu aja goenana oepami barangna soelaja sareng pamoedji.

Topi Boni kaloearan Fabriek Dewell, noe paling sae, pangaos f 3,50 No. 54 t/m 60.

**Dr. Tan TJOEN HAIJ**

**ARTS**

Di Kebondjoekoet Zuid Bandoeng tjaket tilas boemina Dir. Dr. SALEH Marhoem.

**Waktosna:**

**Endjing-endjing 7-9**

**Sonten 4-5**

**Toko Boekoe**

**WEBER**

DJALAN STATION № 12. TELF. № 13.

**Prijscourant Anjar.**

Parantos sajagi:

Barang-barang seueur sareng marirah Prijscouran kenging dipoendoet di Toko atanapi koe kartoe pos.

Hoermatna

**H. E. Taijlor Weber.**



**Ketoe Oedeng Makerij**

**HALIM**

**West Passer straat 16 Bandoeng**



16

Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas s.a.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3,— f 3.50 f 5.— sareng sateraasna noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—

1 " " 1 " " f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 3.50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sarengan enggal njeratan ngangge. Adres anoe diloehoer teu koelan.